Ассаламу гIалайкум

# ЦIумадисезул гьаракь

Голос Цумады

2020 соналъул 1 май Рузман №21 (7618) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12 +

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

## Баркиял

Хириял районцоял! Баркула нужеда тIаде щвараб ихдалил ва захIматалъул байрам ТIоцебесеб май!

ТIоцебесеб маялъул байрам ккола захIматхалкъалъул цолъиялъул гIаламат, гьелъ нилъер щивасе ихтияр кьола цогояб гражданияб обществоялъул бутIалъун жив вукIин бичIчIизе!

Гьеб гIадатлъун билъараб байрам ккола захIматалдехун хIурмат-хъатиралъул, халкъалъул цолъиялъул, ихдалил цIильиялъул ва букIинеселде ругел кIудиял хьулазул символ.

РакIчIола нилъер районалъул захIматчагIазулги цолъи букIинин район социалиябгун экономикияб рахъалъ цебетIеялъулъ.




РакI-ракIалъ баркула киналго районцоязда гьаб гьайбатаб ихдалил байрам, гьарула сахлъи, рахIат бугеб гIумру, баракат бугеб магIишат, хIалтIулъ бергьенлъаби, ихдалил рекIел хIал, рекъел ва лъикIлъаби!




Хириял районцоял!

Исана нилъеца кIодо гьабулеб буго нилъер щивасе хирияб байрам-Бергьенлъиялъ 75 сон тIубай. ЗахIмат букIана бергьенлъиялде нух. ГIемер къварилъи бихьана халкъалда, гIемерисел рагъдаса руссана гIажизлъун.

КIудияб ВатIанияб рагъда БахIарчияб къагIидаялъ гIахьаллъана нилъер районцоялги. Бергьенлъиялъул байрам нилъеца кидаго кIодо гьабула пашманлъи загьир гьабун, ракIалда щвезарула рагъул байдабазда хутIарал.

Жакъа нилъгун гьечIо рагъул цониги гIахьалчи, амма нилъеда гьел кидаго кIочене гьечIо. Абадияб рецц гьезие.

РакI- ракIалъ баркула нужеда тIаде щолеб Бергьенлъиялъул къо - 9 Май!

Гьарула нужее щулияб сахлъи, хьизан-лъималазудаса рохун хутIи, рахIатаб ва талихIаб гIумру.

**АнвархIажи Вечедов,** районалъул бетIер

## COVID-19

# Тохтурзабазул рихьизарияl ва карантиналъул тIалабал тIуразе ккела




БицанагIан-хабар, бухъанагIан-ракь, нусцIул рагIаралдаса цин бихьараб лъикIилан аби буго нилъер умумузул. Гьебги ракIалде щун, сверухъ рагIулелъги, социалиял гьиназдагун ватсап-мессенжеразда бихьаралъги бетIерги сверизабун, (гIайиб гьабуларо халкъалъул психика бихха-хичиялдаги, информация гIемер буго ахираб заманалда халкъалъул ботIролъе «бугIулеб»), сапар бухьана райбольницаялъул бетIерав тохтур Хейруланам Дибирасулаевасухъе. Сапаралъул мурад - жинца дуниялго сородизе биччараб, гьанжего гьанже мацI бицизе байбихьараб лъимералъулгун харабазул кIалдиб ругьунлъараб коронавирусалъулги, гьелда сверухъ гьабсагIат районалда бугеб ахIвал-хIалалъулги бицараб накъит гьаби.

Дун гьесухъе кабинеталде щведал, тохтурзабазул «пятиминутка» цебего лъугIун бугониги, тIадбан унеб бугоан заместителал Муслиматгун ГIарипил гьесул хабар. Гьебгиха, больница сверухъ гьарулел хIалтIабазул, гIодоркъоял гьечIого хIалтIулел хехаб кумекалъул машинабазул, къойидаса къойиде цIикIкIунеб унтаразул къадаралъул, гьезул анализазул халгьаризе хадур гъоларел тахшагьаралъул лабораториязул, гьелда тIадеги гьоркьосан къотIичIого рачIунел телефоназул звонокал.

ТIоцебесеб суал букIана коронавирусалъул хIакъалъулъ: щиб жо гьеб кколеб, кисан баккараб, бугищ, цогидал вирусазде данде-ккун, гьелъул хIинкъи цIикIкIараб, бетIерги ракIги унтуледухъ тIаде босизе кколищ халкъалъ гьелъул пикру, щиб кумек щвезе бугеб карантиналдаса?

-КигIанго бокьичIониги, баккана ракьалда COVID-19 цIар жиндие кьураб, дунял-гIаламго жинца хIалаккинабураб вирус.

Гуро, гьеб сон-жакъа баккараб вирусилан абиларо, гьелъул хIакъалъулъ биценал руго къоголъеберго соналъ церего рахъарал школалъул тIахьазда, амма цо «тIокIлъи» буго-гьеб дарабазда «данде чIезе кутакалда къеркьолеб буго», гьединлъидал унтиги захIмат унеб буго, хасго гьуъруздa лъикIаб «кьабиги» щвезабун. «Кьаби» абун гIадада абичIо. Китаялда баккараб гьеб нилъехъе щоларин абулев гурони чи вукIинчIо. КигIанго бокьичIониги, гьеб Россиялде гуребги, нилъер рукъзабахъе щвана. Щибха ккараб? Коронавирус районалде, Аллагьасул талихIалъ, щун гьечIо, амма Аллагьасул къадаралде кIиго чи щвана гьуъруzул захIматаб унтуца (двусторонняя пневмония). Республикаялдаго анцIила цо чи вугин унтун хваравилан кьолеб буго Москваялде лъазаби гьаб ахираб кIиго моцIалъ. Щиб гIиллаялдалъун гьедин бугебали абизе кIоларо, амма дидаго ракIалде ккола унтарал ва къадаралде щварал цIикIкIун ругин. Жакъа къоялде къоло микьго чи вуго больницаялда вегун гьуъруzул унтуца. Гьеб гIорхъи гуро, дида ккола гьелъул «гьужум» жеги цебе бугилан. Районалда гIемерал гIадамал гьабсагIат унтун, рокъорокъор регун, унти «инабулел» руго. Гьезда гIайиб чIвалеб мех гуро, амма лъебералда микьгоги -ичIгоги градусалде температура бахиндалги нижеда лъазабулеб гьечIо цо-цояз, жидецаго дарабиги гьарун. Гьез хIисабалде босулеб гьечIо, жидер тIалаб-хъулухъги гьабун, аскIор ругезеги жидедасан хIинкъи букIин, цо унтарасул бакIалда, хъизанго унтизе рес ва унти тIибитIизабулеб букIиналъул.

БитIараб буго, гьабсагIат киса-кирего больницаби цIун руго унтараз. ГIемер рагIулел руго гIадамазул кьучI гьечIел харбалги, «кирха ругел унтаралги, цIурал больницабиги?»-ян. Карантинги лъазабун, больницаялъул территориялде риччангутIи гIилла-багьана кколаро кьучI гьечIел харбал тIиритIизаризе. Райцентралда ватиларин кколаро, жидер рокъов больницаялъул хIалтIухъан гьечIев чи, гьездагIаги бихьулеб батила щиб хIалалда, анкьазги рокъореги инчIого, больницаялъул хIалтIухъаби ругел.

Карантиналъул заманаялъ рокъоре ритIана лъабкъоялда анцIила щуго сонидаасан тIадехун ригь арал гIадамал, гьединго нижер хIалтIухъабиги. Районалдаги улкаялдаги гьединазул къадар хIисабалде босани, тIубараб армия ккола.

Жакъа гIадинаб хIалуцараб мехалъ, гьезул кумек чара гьечIого хIажалъула нижее.

**Редакторасул колонка**

# Малъарабги гьабун чIей лъикI

Чан чи, гьедигIанасеб пикру буго жакъа дунялго гьаргьазабураб коронавирусалда сверухъ халкъалъул.

Цояз абулеб буго гьеб дунялалъул кверщел кодосез ургъунго жидецаго къватIибе биччараб вирус бугилан, цогидаз - тIабигIияб унтиялъул цо бутIа бугин абун. Цоязул пикру буго гьелъул хIинкъи цIикIкIараб бугилан, цогидаз рикIкIунеб буго цIунцIрадул пил гьабулеб бугилан.

Дица абулеб гьечIо вирус гьечIилан, гьелъул гIаксалда, киналго ахIулел руго цIодорлъи гьабизе, дагьалъ сабру гьабун чIезе ва гьадингоги хвараб халкъалъул психикаялда тIадеги нервабиги ргьаризарун, унти бачIинабулел информацияби цIикIкIинариялъул пайда лъие бугеб абураб суалалда тIадги ургьизе.

Гьабизе хIалтIи тIагIараз гIомо борлъулин абухъего, къаси-къад чIечIого, гьурщулел руго социалиял гьиназде коронавирусалъул хIакъалъулъ ургъун рахъарал, чIахIагьабурал гьересихарбал. Бегьила цо жидеда лъалеб, рагIараб дару-сабабалъул хIакъалъулъ хъвазе гурони, щайха гьадингоги гьеб унти бахиналдаса хIинкъараб халкъалъул тIадеги нерваби ргьаризаризе, киса бугониги рагIараб хабар, дагьабги кIодо гьабун, телефоназде рехулеб?! Гьелдаса жидеего мунагьги, гIадамазул чорхое заралги букIин бичIчIуларогойищ бугеб?.

Цояз цIакъго захIматаб унти бугин, гIадамал холел ругин ахIи балеб буго, цогидаз щибго гьечIеб чIанда - хабар бугин абун тIаса бихьизабун толеб буго.

Тохтурзабазухъги специалистазухъги гIенеккун, гьез малъарабги гьабун чIани лъик1 бук1инарищ нилъее?

Рукъзабахъ чIейгун рацIцIалъи цIуни буго нилъедаса тIалаб гьабулеб, хьулухъ гьечIел гьересилъазабиял цоцазухъе телефоналдаса ритIулел рукIинчIого.

Щай бегьулареб малъараб гьабизе. ЦIодорлъи гьабеян ахIулел тохтурзаби руго, хьулухъ гьечIого къватIире рахъугеян лъазабулел полициялъул хIалтIухъаби руго, рузманалъул какде рачIиналъулъ гIадлу цIунеян, таравихIазул какал рокъор раян гьарулел дибирзаби руго. Щибха нилъеца гьабулеб бугеб, кин нилъ хьвадулел ругел, щибизе хIамабагьадурлъи бихьизабулеб, лъие квеш букIине?!

ЗахIматаб, хIал къвараб заман буго гьабсагIат. Нилъеда бихьулеб ва рагIулеб буго гIадамал унтулелги холелги рукIин. Аллагьасул хIукму батани, унтила, хвела абун чIолелги руго. Гьедин батани, Аллагьасул хIукму бугинги абун, щай больницаялдеги инчIого, рокъорго чIоларел, дару-сабабги гьабичIого?! Бегьиларо гьединаб пикруялда рукIине.

Гьабулеб ишалъулъ нилъер букIине ккела гIакьиллъиги, цIодорлъиги, сабруги. Шагьаразда гIадин, ункъо къедалде жанирег лъугьун, нилъги гурелъул, бегьиларо гьедигIанго сабру тIагIун рукIине. ГIадамазда гьоркьор рахьичIониги, къватIире рахьине бакIалги нилъер гIемер руго: азбар, пастIан, ах, гIурул рагIаллъи.

Май моцIалъул 12 къоялде щвезегIан халат гьарун руго нилъер улкаялда хIалтIуларел къоял. Гьединлъидал, нилъее лъикIаб букIина гьеб анцIила цо къоялъ,хасго байрама лъул къояз, къватIире рахьинчIого, нилъгоги цIунун, берцинго рокъо-рокъор чIани.

Заманалъ яхIги гьабун, дагьалъ сабруялда рукIине ккела, гьитIинаб хIехьечIони, кIудияб баччизе кколин абун умумузул абиги бугелъул.

РакIалда буго, цебего рузманкъоялъул вагIза гьабулаго, районалъул имам Шамил ХIажиевас инсанас жиндие хIажалъи-къваригIел гьечIеб, лъачIониги бегьулеб суал цогидасе кьей мунагь кколин абун гьабураб вагIза. КигIанха мунагьалде ккезехьин ругел жакъа хьулухъ гьечIел лъазабиял телефоназде ритIулел! Гьелъул щай пикру гьабулареб!

Гьаб хирияб моцI Аллагьасе гIибадат гьабиялда тIад тIобитIизе жигар бахьизе ккела, хьулухъ гьечIел пишабиги рехун тун.

Аллагьас хирияб Рамазан моцIалъул хIурматалда гьаб нилъеда тIад бугеб захIматаб къварильиги тIаса босаги, бихьараб хIехьезе нилъее сабру кьеги.

**Бергьенлъиялъул ирсилазул ракIалдещвеял**

ПОБЕДА! 1945–2020

# ТIоцересел къоязго рагъул коронире ккана

Рагъул кьогIлъи хьинтIичIеб хьизан хутIичIо улкаялда. Гьелъул кьогIлъи щвана рорхатал мугIрузул ЦIумада районалдеги. Гьенисан КIудияб ВатIанияб



рагъде ана 2187 чи, гьезул цIикIкIарасел къалул майданалдаса тIадруссинчIо, цо-цоял араб бакI лъачIого тIагIана. БахIарчиясул цIаралъе мустахIикълъана Эчедиса Къади Абакаров.

Районалда хутIун гьечIо рагъул цониги гIахьалчи. ТIалаб гьабичIого руго гьезул хобал, занал, чIваднazде сверулел руго гьез гIумру гьабун рукIарал минаби, кIочонеб буго гIун бачIунеб гIелалда гьезул тарих, гьунар, бахIарчилъи, къохIехьей. ХIукуматалъ тIалаб гьабулеб букIарабани, щибаб росулъ букIинаан гьел ракIалдещвеялъул гIарасал, гьезул минабазда хьвайхьвагIай гьабурал хъарщал. Гьеб мехалъ лъалаан гIун бачIунеб гIелалда КIудияб ВатIанияб рагъул ва умумузул тарих.

КIудияб ВатIанияб рагъде Метрадаса арав 38 чиясул, 24 тIадвуссана, хутIарав 12 араб бакI лъачIого тIагIана. Дир эмен МухIамадов Давуд рагъде араб мехалъ нижер хьизаналда цохIо яс гурони лъимал рукIинчIо. Дол захIматал соназ дир эбел Аминатидаги, цогидал руччабаздаго гIадин, тIад бегана рукъалъул магIишаталъулги колхозалъулги хIалтIи.

Рагъул кьогIлъилъун кkана гIолохъаби рагъул майданалда хутIи гуребги, лъимал бесдаллъиги, кьороллъарал руччабиги. Гьезда тIад бегана рагъалъ чIунтизабураб магIишат цIидасан гIуцIиялъул хIалтIи. Инсуца бицунаан гIурус мацI лъангутIиялъ, киве щиб бакIалда щваравалицин ракIалда чIолеб букIинчIин ва жиндир гьунарал мацI бицине лъангутIиялъ, жидедаго «тIад хьван» ратулаанин командиразда цадахъ рукIарал гIурус мацI лъалез.

ТIоцересел къоязго рагъул коронир кканин жалан бицунаан инсуца. Рогьел загьирлъарабго немцаз гьужум байбихьулаанин, лъелазул аскаралгун танкаби гIахьаллъарабго нилъераз гIарадабазул цогояб кьвагьиялъ гьужум нахъ чIвалеб букIанин.

Хадув эмен ккун вуго кавалеразул полкалде. Полкалъул чуял тIагIула ва разведкаялъ цIех-рех гьабидал гьел ратана немцал ругеб рахъалда гIагарда гьезулазда гьорк ккун. Гьел нахъе рачиналъул суал борхидал киналго руцIухIун хутIун руго, цо гьалмагъгун цадахъ эмен ун вуго гьезда хадув, ва жидеразда тIаде немцазул цо чанго чуги бачун тIадруссуна. Рагъул ахираб соналъ хIатIида ругъунги лъун, рагъуе ярагьунаревлъунги хьван, госпиталалдаса рокъове витIун вачIана эмен. Дагъистаналде поездалда вачIунаго, киве щваравали лъачIого, ккола Тбилисиялде ва гьалмагъзабаз регIула гьев рокъове.

Росулъе щведал байбихьула гIумрудул цIияб нух. ХIалтIана росулъ Тельманил цIаралда бугеб колхозалда, Больихъ букIараб районазда гьоркьосеб леспромхозалда рохьихъан-хьаравуллъун, хадув - нилъер районалъул рохьил магIишаталда батIи-батIиял хьулухъазда. ГIезаруна лъабго васгун цо яс.

1983 соналъ къадаралде щвана эмен. Вукъун вуго гIагараб росдал хобалалъ.

**ХIабиб Давудов,**
Метрада росу

# Чтобы не было войны!




Дети наши, знайте и помните:
Враг был жесток и силён,
И в нашу землю, запомните,
Он не был сильно влюблён.

Запрещая нам, неистово
Родину нашу любить,
Считали враги за достоинство
Фашистской ей вотчиной быть.

И пушки, пехота и танки
Стреляли, стреляли тогда,
Но бойцы поднимались в атаки –
Оставались лежать навсегда.

Враг был вероломен, коварен,
Могуч и хитёр был, злодей,
Очень был он в победе уверен,
Других не считал за людей.

Слова, закалённее стали,
Победу стяжали в боях.
Сказал же их маршал Сталин
В жёстких и резких тонах:

«Победа будет за нами!»
И больше «ни шагу назад!»
И сражались с фашистскими псами
Солдаты с надеждой в глазах.

… Сломал хребет фашистской гидре
Солдат советский - исполин,
Отравлен был собою Гитлер,
Пал поверженный Берлин.

И над вражеским Рейхстагом,
Водрузив флаг, невредим,
Стоял солдат под красным стягом-
Дагестанец Абдулхаким.

И напомнить всем об этом
Мы, ушедшие, должны,
Чтоб вновь с солнечным рассветом
В мире не было войны.

**Магомедзакир Абулмуслимов**

# Тохтурзабазул рихьизариял ва карантиналъул тIалабал тIуразе ккела

1




Къойил щугоги-анцIгоги чи вачIунев вуго райцентралдасан рентген бахъизе. Росабалъа рачIунезул къадар гIемер гьечIо, долго гIиллабаздалъун-рокъорго чIун сахгьарулел рукIун.

**-Хейруланам МухIамадович, дуца абунаха къойил рачIунезул къадар цIикIкIин гуреб, дагьлъулеб гьечIин. Кинха гьеб, яги гIадамаз «гьурра бачун бицунеб «чанцIул ахIаниги бачIунареб «хехаб кумекги», чIобогояб больницаги, къабул гьаруларел унтаралги, хIали-мадаралъ рачIарал тохтурзабиги, хIарщулго ботабигун, мерхьун халичабигун, хьвади» бичIчIилеб?**

-Улкаялъул президентасул бихьизабиялда рекъон хIалтIулел руго ниж. Зах1матго унтаралин абуни, мекъиги бичIчIила халкъалда, амма гьединал гурони къабул гьаругеян битIахъегояб амруги буго, кинаб ахIиги бан, «хехаб кумекалъулал» щваниги, дару-сабаб хъвачIогоги, унтаразе кумек гьабичIогоги гьел нахъеги рачIунаро, хас гьабураб (противочумный) костюм бахъизе гьезул ресги гьечIо, хIарщул ботабиян «гьурра бачунелги» дихъе раче хабар-кIалалъе.

-ГьабсагIатги нижер хIалтIухъабиги хIалтIулел руго, унтаралги къабул гьарулел руго. Цин «хъубаб» зонаялдеги рачун, рентгенги бахъун, киналъулго хIасилги гьабун, хадур рачуна «бацIцIадаб» зонаялде унтарал,-ян тIаде жубана Муслимат МухIамадовалъги. -Хас гьарурал костюмалги нижерго сурсатаздасан рукъана хIалтIухъабазе. Больница сверухъ гьарулел хIалтIабиги руго, нилъерго ракь-районцояз абухъего, «хъат цIун гIарцалги кьун» тарал нижецаго гьарурал.

-Рахунел унтабазул отделениялда ремонт гьабулеб буго Муслиматил Сахалиналда вугев вац МухIамадица. Гьелда иш ккелароан гурищ букIараб…,-ан гьоркьове жувана ГIарип МухIамадкеримовги. -Нижерги хъизан-лъималги ругин, нижги унтизе бегьулин, ниж унтарал гIечIого, сверухъ ругелги унтизаризе рес бугин абураб пикру гьабулел рахъулелго гьечIо. Щибизеха больницаго?,-ян жакъа дуца кьураб суалалги цIияб гуро, гIемер рагIулел руго гьелда сверухъги биценал. БетIерав тохтурас гьаниб абуна, гьабсагIат бугеб хIал жеги ахир гурилан. Унтаразул къадар жеги цIикIкIинин кколеб буго, гьел нижеца, къанунazда рекъон, ритIизе ккола госпиталалде. Амма республикаялъул госпиталалъул хIал кIоларо тIолго Дагъистаналдаса унтарал къабул гьаризе, гьединлъидал руго больницал къан ва хас гьарурал рахунел унтабазе ярагьунедухъ. Агъвали больница цIурабго, унтарал ритIизе руго ТIинди участкаялъулаб больницаялде. Аллагьас ккоге абе гьелде, гьебги цIуни, сахгьариялъул хIалтIаби «рачIине» руго Агъвали интернаталда рагьараб обсерваторалде. Гьелдего иш ккечIого букIиналъе гьарулеб буго районцоязда рокъор чIаян, тохтурзабазухъги, дибирзабазухъги гIинги тIамун. Щайха, рокъор тараб мехалъниги, карантиналъул низам цIунулареб гIадамаз? Жидеда аскIор «туснахъ гьарун» ругел тохтурзаби рихьичIогойищ, захIматаб хIалалда больницаялде ккарал унтарал, рокъоре ине х1аолаккун ругел, гордухъан кIанцIунги, нахъе лъутулел ругел? ЧIегIерлъун рукIуна тохтурзабазул беразда гъоркь бакIал цIоробераз къанцуялъ.

**-Цаби унтаразул руго гIарзал, рагьун гIусазул каналалгун, гIадамал тезе бегьилищан, инфекция бачIиналъе нух гурищ гьебан?**

-Дица абунаха указ бугин, цохIо захIмат унтарал гIадамал гурони къабул гьаругеян. Гьездаго гьоркьор цаби-гIусал унтаралги. Гьел сахгьаризе ва къачIазе гьечIо тохтурзабаз, гIицIго унтараб гIус бахъизе буго. Гьеб цо. КIиабизе бугони, кинавгIаги тохтурас толаро гIусазул канал рагьун, гьеб къала даруги лъун.

Цогидал захIматго унтарал къабул гьаризеги ниж хIадур руго, амма рокъобго дару-сабаб гьабун тIуралел, гIадада цоцахъе унти кьезе гьанире рачиналъул магIна бичIчIуларо. Щибаб къойил ахIи бачIун, росабалъе уна тохтурзаби, гьарула гьенирги малъа-хъваял карантиналъул тIалабал цIунеян, риччана видеороликал, амма, добго хурив довго Муса вуго, унтаразул къадарги цIикIкIунеб буго. ГьабсагIат гIураб къадаралда дарабигун гьуърул хIалтIизарулел аппаратал руго, амма, гьелдаго цадахъ, унтарав тохтурги, кIиго фельдшерги, санитаркаги руго. Абухъего, «нижерал» унтиялъе байбихьи лъуна...

Харбал гIемер руго, хасго «гIемерал гIарцал риччаялда» сверухъ. Нижер тIомолъе лъугьине бокьарав, цо лъабго къоялъ гьанив хIалтIизе вачIине ккела, бицун божичIев, бихьун кантIизе...

...ГIемераб хабар, суал-жаваб ккана бетIерав тохтурасегун заместителазе, больницаялда экскурс гьабуна, бихьана бугеб сурат. БичIчIана аслияб жо: корона букIа гьеб, яги таж букIа гьеб, рахунел унтабазул (вирусазул) сезон тIадбан унеб буго, гьеб бихьана анкьалъ-кIиго анкьалъ рокъорго сахгьарулелги рукIун, гьоркьосан къотIичIого рентген бахъизе рачIунезухъ балагьун. Тохтурзабазул рихьизариялги, карантиналъул тIалабалги цIунани, лъикI букIина. Нилъецаго гIамал гьабичIони, нилъ цIунизе чи гьечIо. Аза-азар баркала, сордо-къоялъухъ балагьичIого, халкъалъул сахлъи цIуниялъул хъаравуллъуда ругел райбольницаялъул хIалтIухъабазе.

**Хадижат Залимханова**

**Динияб бокIон**

# Сабруялъулги унтиялъулги хIакъалъулъ

Аллагьасул тамихIалдасан ворчIизе къваригIарав, Гьесул кириги рахIматги ва Алжаналде лъугьинеги бокьарав чияс живго гьукъизе ккола дунялалда гьарулел кепаздеги, бокьа-бокьараб жо гьабизеги. Сабруялда хIехьезе ккола захIмалъабиги, гIакъуба-къварилъиги. ТIадегIанав Аллагьас абуна: «Аллагьасе рокьулин сабруги гьабун рукIунел»-абун.

Сабруги батIи-батIияб букIуна. Аллагьасе гьабулеб гIибадаталъулъ сабруялда рукIинги, гьукъараб ва хIарамаб жо гьабичIого чIейги, къварилъаби тIаде рачIингун, гьелги хIехьон гьабулеб сабруги.

Аллагьасе гьабулеб гIибадаталъулъ сабру гьабурав къиямасеб къоялда зобалаздаги ракьалдаги гьоркьоб бугеб лъабгогIан цIикIкIараб манзилалъ тIадегIан вахине вугила Алжаналъул. Аллагьас гьукъараб жо гьабичIого сабруги гьабун чIарав чи Къиямасеб къоялде анлъго нухалъ цIикIкIараб манзилалъ тIадегIан вахине вугила Алжаналъув. ЗахIмалъабиги къварилъабиги сабруялда хIехьарав чи къиямасеб къоялда ГIаршалдаги ракьалдаги гьоркьоб бугеб анкьгогIан цIикIкIараб манзилалъ тIадегIан вахине вугила Алжаналъув.

Аварагас (с.т.гI.в.) абуна: «ТIадегIанав Аллагьас абулила: Лагъас жиндего балагь бачIараб мехалда, дида кумек гьарани, Дица гьесие кумек гьабула гьес гьарилелде цебего ва гьес как байгун гьелъиеги дица жаваб гьабула гьарилалдего.

Балагь бачIараб мехалда дир лагъас живго цIунеян цоги лъида бугониги гьарани, Дица зобалазул гъану къала»,-ян.

ГIакълу бугев чияс сабру гьабизе ккола балагьги гIакъубаги бачIараб мехалда зигардичIого. Гьедин чIани гьев хвасарлъула гIакъубаялдасаги, ракьалда гьабураб гIумруялъул къварилъабаздаги ва ахираталдаги, щай абуни бищунго цIикIкIарал гIакъубаги тIаде рачIуна Аллагьасде гIагаразде.

Аварагас (с.т.гI.в.) абуна: «Щив чи вугониги цо сордокъоялъ унтун ва гьелдалъун жив Аллагьасдаги разияв, гьев вукIунила эбелалъ гьавурав гIадин, мунагьал гьечIевлъун. Ва нуж унтани Аллагьасда сах гьарейилан гьардоге»,-ян.

Нилъерго нафсалъул хIакъалъулъ

Я гIадамил лъимер! Лъан букIа дуда, дур нафс гьеб ккола гIадан квешаб жо гьабизе гьесизабулеб, щайтIаналдасаги цIикIкIараб дур тушман. Дудасан илбис бергьуна дурго нафсалъе бокьараб жо гьабизе мун лъугьани. Нафсалъ инсан кIвар гьечIевлъунги, кIвахIалавлъунги, рахIат бокьулевлъунги гьавула. Гьелъ мун ахIула квешабщиналда. Гьелъул нухмалъиялде ккани мун тIубан мекъи ккола.

Нафс буго илбисги квешлъиги букIунеб бакI. Гьелъ мун ахIула квешаб жо гьабизе. Гьелда нахъги вилъани, гьелъул амруялда хадувги ани мун тIубан мекъи ккола. Гьелда данде чIезеги кIвечIони, бокьа-бокьарабги гьабуни, ахиралда мун гьелъ жужахIалдеги вачина. Нафс буго инсанасул киналго балагьизе кьучI лъолеб. ГIакъилав чияс гъваридго пикру гьабизе ккола нафсалдасан кколел квешал ишазул. Гьев хIалтIизе ккола щулияб нияталда нафсалдаса бергьиналде, гьелъул тIалабал тIурангутIиялъе ва гьес хIаракат бахъизе ккола кидаго Аллагь ракIалда чIезавизе, гьоркьоса къотIичIого гьесие гIибадатги гьабизе.

Киданиги ракIалдасан ине бичазе бегьуларо щибаб къоялъ Аллагьасда хIелун тавбу гьабизеги.

Аварагас (с.т.гI.в.) абуна: «РекIеда нур базабе ракъиялдалъун ва нафсгунги къеркье ракъиялдалъунги къечалдалъунги»,-ян. Аллагьас бищун цIикIкIун кири хъвалеб жо буго ракъиги, къечги).

Абубакар Сидикъицаги абуна: «Бусурбанлъаралдасан нахъе дун гIорцIизегIан кваначIо, дирго БетIергьанасе гьабураб гIибадаталъул гьуинлъи лъазе гIоло ва къеч хъвазеги гьабичIо»-ян.

**«РекIел ахIвал-хIалазул бальголъаби» абураб тIехьалдаса босана Агъвалиса МухIамад Загьидовас.**

# Хвараздe зиярат гьаби

**ГIемерав чияс кьолеб суал буго гьаб панаяб дунял тун ахираталъул рокъо- ве арав диналъул вацасде зиярат гьабизе бегьулищин абураб. Хасго хварал гIадамал жидер бищун цересел гIагарлъиялъул ругониги, щакдарулел камулел гьечIо.**

**Кин батаниги, гьединаб суал бугелъул, гьелъие жаваблъунги ракIалде щвейлъунги букIине дагьабго рехсей гьабилин хвараздe гьабулеб зияраталъул хIукмуялъул хIакъалъулъ.**



МухIаммадамин ал-Курдияс «Танвирул къулуб» абураб тIехьалда хъвалеб буго: «Бихьиназе суннатаб буго бусурбабазул хабалазде зиярат гьабизе, хвелги ахиратги ракIалде щвезе, ракIалъул пасалъи къачIазе ва жинца цIалараб Къуръаналдалъун хварасе пайда щвеялъул мурадалда», - ян.

Хирияб хIадисалда буго: «Дица цере нуж гьукъун рукIана хабалазде зиярат гьабиялдаса, гьанже гьабе нужеца зиярат», - абун (Муслим).

Байгъакъияс бицараб хIадисалда буго: «Хабалазде вакке ва къиямасеб къоялъ тIаде рахъинариялъул пикру гьабе», - ян.

Хасго суннатаб буго аварагзабазде, авлияазде ва лъикIаб агьлуялде зиярат гьабизе.

Руччабазе карагьатаб буго гьезул сабру дагьаб букIиналъ ва хехго хIал хисун гьел лъугьине рес бугелъул. Карагьатаб мех буго шаргIалда хIарам гьабурал жал гьарулел гьечIони. Масала, гIодун, ахIдон, ретIел-кун бихъ-бихъун хIал хисун лъугьи гIадаб. Гьеб жо гьабулеб батани, хIарамабги буго.

Зиярат гьабулев чи вукIине суннатаб буго какичуриялда. Хабалазде лъугьунаго гьаб дугIаги цIалила: «Ассаламу гIалайкум дара къавмил муъминина. Ва инна иншааллагьу бикум лахIикъуна». Цинги бажарараб къадаралда Кьуръан цIалила, гьелъул кири хваразеги кьела яги гьездасанилан, цIалилелде цебе, ният гьабила.

Зиярат гьабулелъул хварасде гIагарлъила гьев чIаго вукIараб мехалда гIагарлъулев вукIараб къадаралда. Хварасе саламги кьела.

Бичасул аварагас абуна: «Дунялалда лъалев вукIарав чиясул хабада аскIосан унаго салам кьуни гьесда лъала ва саламалъе жавабги гьабула», - ян.

Гьединго лъикIаб буго хварав чиясе лъикIаб дугIа гьабизеги. Гьеб сабаблъун хварасул гIазаб борхизе ва даражаби цIикIкIине хьул кIудияб буго.

Хирияб хIадисалда буго: «Хабалъ вугев чиясул мисал буго лъелъ гъанкъулев, жив хвасар гьавеян ахIи балев чиясулго гIадаб. Гьев балагьун чIун вукIуна васасул, вацасул, яги гьудуласул дугIаялъухъ. Гьеб дугIа гьезие гьаб дунялалдасаги гьелда жаниб бугебщинаб жоялдасаги бокьулебги букIуна. ЧIагоязул сайгъаталги ккола хвараздe дугIа ва гьезул мунагьал рахчи гьари», - ян (Дайлами).

**«Ас-салам» газеталдаса босараб**

## Колонка прокурора

## Контроль за соответствием расходов лиц, замещающих государственные должности

В соответствии с частью 1 статьи 4 Федерального закона от 03.12.2012 № 230-ФЗ «О контроле за соответствием расходов лиц, замещающих государственные должности, и иных лиц их доходам» основанием для принятия решения об осуществлении контроля за расходами лица, замещающего (занимающего) одну из должностей, указанных в пункте 1 части 1 статьи 2 данного Федерального закона, а также за расходами его супруги (супруга) и несовершеннолетних детей является достаточная информация о том, что данным лицом, его супругой (супругом) и (или) несовершеннолетними детьми в течение отчетного периода совершены сделки по приобретению земельного участка, другого объекта недвижимости, транспортного средства, ценных бумаг, акций на общую сумму, превышающую общий доход данного лица и его супруги (супруга) за три последних года, предшествующих отчетному периоду.

При этом, такая информация в письменной форме может быть представлена в установленном порядке органами, организациями и должностными лицами, перечисленными в части 1 статьи 4 Федерального закона от 03.12.2012 № 230-ФЗ.

В случае получения таких данных из внешних источников, на наш взгляд, такая информация должна содержать, как минимум, сведения, позволяющие идентифицировать должностное лицо, в отношении которого она направлена и приобретенное им имущество.

Принятию решения о проведении контроля за расходами должен предшествовать анализ кадровым подразделением представленных служащим справок о доходах, расходах за 3 года, а также приложенных к ним копий документов, являющихся законным основанием для возникновения права на вышеуказанное имущество.

При этом, наличие достаточности должно определяться в каждом случае индивидуально к сложившейся ситуации. Так, само по себе заполнение раздела 2 справки о доходах, расходах не дает основание для принятия такого решения, поскольку этот раздел может быть заполнен ошибочно, либо служащим в иных разделах такой справки (раздел 1 – о доходах, раздел 6 – об обязательствах имущественного характера) могут быть отражены сведения, объясняющие соответствие расходов доходам.В частности, например, кредитные обязательства в раздел 1 справки не включаются, но их следует учитывать при определении такого соответствия.

С другой стороны, незаполнение раздела 2 при одновременном указании приобретенного имущества и источников средств в иных разделах само по себе также не нельзя рассматривать как достаточность для принятия решения о контроле за расходами.

Ключевым параметром достаточности, на наш взгляд, является выявление несоответствия указанных в справках за соответствующие периоды сведений о полученных доходах, под которыми в данном случае следует понимать любые средства, приобретенные законным путем. Также следует иметь ввиду, что главной целью контроля за расходами является проверка достоверности и полноты представленных сведений (пункт 2 части 4 статьи 4 Федерального закона от 03.12.2012 № 230-ФЗ). Поэтому имеющаяся информация о сокрытии приобретенных объектов имущества, об очевидной занижении стоимости такого имущества либо о завышении (фиктивном получении) сумм доходов также указывает на несоответствие доходов расходам и может служить основанием для осуществления контроля за расходами.

При таких обстоятельствах в ходе контроля за расходами следует максимально критично оценивать достоверность сведений об источнике получения средств, направленных в последующем на приобретение имущества.

**Ильяс Вакилов**, прокурор района

## Исполнение бюджета администрации сельского поселения «сельсовет Верхнегакваринский» за 2019 г.

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | 2019 год (сумма) | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Назначено | Уточн. назнач. | Исполнение | % исполн. |
| | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | Собсвенные доходы: | | | | |
| 1 | НДФЛ | 20,4 | 20,4 | 20,7 | 101,5 |
| 2 | Земельный налог | 26,2 | 26,2 | 27,4 | 104,6 |
| 3 | Налог на имущества | 36,4 | 36,4 | 38,1 | 104,7 |
| 4 | Сельхоз налог | 0,6 | 0,6 | | 0,0 |
| 5 | Прочие налоговые доходы | 2,0 | 2,0 | | 0,0 |
| | Итого собственные доходы | 85,6 | 85,6 | 86,2 | 100,7 |
| | Трансферты | | | | |
| 1 | Объем дотаций | 1528,0 | 1587,8 | 1587,8 | 100,0 |
| 2 | Дотация на част. компен-ю | 6,0 | 13,1 | 13,1 | 100,0 |
| 3 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 2,8 | 2,8 | 2,8 | 100,0 |
| 4 | Субвен. ВУС | 89,0 | 89,0 | 89,0 | 100,0 |
| | Итого | 1625,8 | 1692,7 | 1692,7 | 100,0 |
| | Всего доходов | 1711,4 | 1778,3 | 1778,9 | 100,0 |
| | Расходы: | | | | |
| 1 | Аппарат | **1066,4** | **1180,2** | **1180,2** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 647,0 | 644,5 | 644,5 | 100,0 |
| 3 | ЗАГС | **2,8** | **2,8** | **2,8** | 100,0 |
| 3 | ВУС | **89,0** | **89,0** | **89,0** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 81,2 | 81,2 | 74,9 | 92,2 |
| 6 | ЖКХ | 264,7 | 274,5 | 274,5 | 100,0 |
| 7 | Культура | **258,5** | **277,3** | **277,3** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 132,5 | 146,7 | 146,7 | 100,0 |
| 8 | ФК и спорт | **30,0** | **30,0** | **30,0** | 100,0 |
| | Всего расходов | 1711,4 | 1853,8 | 1853,8 | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 860,7 | 872,4 | 866,1 | 99,3 |

**Глава сельского поселения «сельсовет Верхнегакваринский» С. Сулейманов**

# Гошодибир

Если хочешь лишить народа величия, то это легко достижимо унижением и уничтожением её учёных, оболваниванием и одурманиванием его молодёжи, ибо безумие не требует усердие и стыда, а разум не мыслим без постоянного труда и самоограничения, без качественных знаний и высокого профессионализма, без стыда в сердце и чистоты рук, без доброты в мыслях и помыслах.

Мне посчастливилось быть в детстве знаком с Микудибиром - человеком больших знаний, почитавшего всеми, его знавшими. Кажется, мне было всего пять лет, когда мама из хутора Гъавкьи (Нижнее Гаквари) отправила меня с едой для Микудибира в Верхнее Гаквари.

Трудно современникам представить суть этого. Дело в том, что каждый из гакваринсих жителей, за исключением завистников и сволочей (они всюду, всегда и везде) считал нужным что- то доброе сделать для этого святого человека, каким его почитали. Расстояние в 5 км я преодолел торопливо, дабы еда не остыла. До сих пор помню маленькую, тесную саклю, радость и благодарность Микудибира. Мама моя не была родственницей Микудибира, но сочла своим долгом выразить благодарность этому великому учёному- алиму. Его любили и обожали все.

Я не очень тогда этого понимал, но позже, подружился с его младшим братом - Абулмуслимом- статным человеком огромного обоняния, мужской красоты, пленительной доброты и обворожительной улыбки. Всякий раз, когда приезжал на студенческие и аспирантские каникулы, я всегда приходил к Абулмуслиму. О, это были сладкие часы для души и ума! Это было моё паломничество к восхитительному учёному- алиму и благороднейшему земляку!

А позднее я подружился и с его сыном тоже- Магомедзакиром Абулмуслимовым-школьным учителем русского языка и литературы - уникальным в мировой истории просветителем, ибо он- единственный в мире поэт и писатель, который одинаково талантливо пишет на русском, аварском и на бесписьменном чамалинском языках! Он Пушкина и Шекспира перевёл на чамалинский язык впервые в мире!

И, продолжая традиции, по приезду в отпуск из Москвы, стараюсь бывать у него, в его гостеприимной семье. И в беседе о многом, Магомедзакир поведал мне о трагической судьбе его прадеда - Мухаммаддибира (Мажбалчо), которого в Дагестане и Чечне знали как Гошодибира из-за его высочайших знаний во всех аспектах исламского вероучения. Гошо означает на чамалинском языке- большой, значительный, огромный, величественный, старший…

Его учениками были Сажид Абдурахманов, Магомед Ашиков, Джабраил, Зайнулабид, Хусейнапанди, Идрис Гадиринский, Мухаммад из Саситли и многие, ставшие позже сами признанными алимами в исламе.

Оказывается, Гошо Дибир в молодости был очень крепким, блестяще владел сабельным боем и джигитовкой на коне; участвовал в шамилевских сражениях и в восстании дагестанцев 1877 года против царского произвола вместе с отцом- Курамухаммад Дибиром. За это его- молодого человека- царская администрация в Дагестане вместе с отцом арестовали, но вскоре он вернулся в Гаквари и стал имамом (дибиром) в селении. К нему шли по всем спорным вопросам, в том числе и для примирения враждующих сторон из многих сёл Дагестана и Чечни. Гаквари граничит с Чечней.

После того, как начали преследовать зажиточных крестьян в Советском Союзе, на Гошо Дибира тоже донесли «родные» земляки и его посадили, как кулака, но вскоре он вернулся в село. Это не очень понравилось комсомольским и коммунистическим активистам села и вновь нависла угроза над ним. В убийстве председателя сельского совета Кветилова обвинили его, а убийцы остались на свободе. Чувствуя опасность своего ареста, он срочно отправил родственника в соседние сёла (Ричаганих и Цедатли) с просьбой прислать срочно сватов за двумя его сёстрами. Такое ранее не было принято в Дагестане, но во имя спасения сестёр от глумления над ними- над сёстрами «врага народа», он в ту же ночь выдал сёстер замуж; он просил, чтобы мужья не рассказали о том, что их жёны дочери Курамахамада и сёстры Гошодибира.

Утром пришли за Гошодибиром; на крышу мечети принесли книги его богатейшей библиотеки, унаследованную от предков. Книг залили керосином и подожгли. Книг сжигали не только фашисты.

При этом сельчане были в масках, а работники Цумадинской райНКВД без масок. Гошо Дибиру тогда было 96 лет!!! До конца двух сёл (Верхнее и Нижнее Гаквари) его повели на лошади, а после села прикладом скинули с лошади, и пешком его понукали и принудили идти 15 км до райцентра, а работники НКВД ехали на лошадях. Великое разложение, омерзение и одичание людей. Они были не евреями, ни американцами, ни русскими. Эти -не люди - были – дагестанцами, цумадинцами, гакваринцами, горцами.

Гошодибир умер в тюрьме Порт-Петровска (ныне Махачкала). Его сыновьям - Абулмуслиму и Абдулхакиму с большим трудом (вероятно, взятка сыграла роль) разрешили осмотреть разлагающие трупы умерших и расстрелянных «врагов народа». Среди них сыновья не нашли трупа отца.

Прошли годы, и случайно внук Гванат в разговоре с пожилой соседкой - кумычкой в Махачкале услышал от неё следующее. «Мой муж занимался выносом убитых и умерших «врагов народа» из подвала НКВД в Махачкале. По стечению лет муж рассказал мне о том, что пожилой горец – Гошо Дибир из Цумадинского района обратился к нему: «Уважаемый! Сегодня я умру, буду в саване. Прошу тебя хоронить меня, если сможешь, отдельно от других». Это было запрещено делать, но супруг (тайком рано утром) исполнил завещание старца: похоронил его отдельно от других. Муж просил мне никому не рассказывать об этом. Встреча с тобой, уважаемый Гванат, видно произошла по воле Аллаха, и уже я тоже могу умереть со спокойной душой…». Она показала примерное место захоронения всех и его дедушки.

Так убивали не только его одного, но и миллионов других. А, ведь, сын его Нурмагомед сражался против фашистов и похоронен в братской могиле в городе Шевченко. А отец Гошо Дибира-Газимахаммад-Дибир (Бицич) был мюридом имама Шамиля и после пленения Шамиля его выслали в Харьков, где и был убить. Горькая судьба страны и эпохи не обошла стороной и судьбы горцев тоже.

Не пристало нам забыть трагические судьбы измученных и убиенных своих родственников, предков и соотечественников, ибо забытое может вернутся в ещё более дьявольском обличии.

**Магомед Абдулхабиров,** г. Москва

Районалъул администрациялъул хIалтIухъабаз ва Собраниялъул депутатаз, гъваридаб пашманлъи загьир гьабун, зигара балеб буго районалда бугеб жанисел ишазул отделалъул начальникасул заместитель МухIамадрасул Сайпулаевасда гьесул хирияв эмен

**МухIамад**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. БетIергьанас алжаналъул агьлулъун гьавун ватаги гьев.

БетIерав редактор Малачдибиров ГIубайдула СагIадулаевич 2-52-44

Жавабияй секретарь Залимханова Хадижат МухIамадовна 2-52-92

Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦIумада район, Кьенгьара росу Заводалъул къватI, 4

«ЦIумадисезул гьаракь» газета гIуцIарал: «ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация

Газета къватIибе биччана «Издательский дом «Дагестан» ГАУялъул типографиялда. Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Насрудиновасул проспект, I «А»

Тираж - 1676
Газеталъул индекс: 51377 (бащдаб лъагIалие) 63302 (лъагIалие)

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул бальголъи гъорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан. ПИ №ТУ05-00434 от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты GoIostsumady@maII.ru